



၆၇၂။ အောက်မှာ စုတေသန ပြည်မြို့၏ မြို့၏ မာရာ ဖျော်
ပေါ်၏ ပေးအာဏာ ပို့ယောက် ဘဏ္ဍာ ပေးအာဏာ ပို့ယောက် ဖျော်



ଶିଖୁ କ୍ରିୟାକ୍ଷମିତି ପାଇଁ ଏହା କିମ୍ବା ଏହା କିମ୍ବା ଏହା କିମ୍ବା ଏହା କିମ୍ବା

ପ୍ରଦୀପ ମାତ୍ରାନ୍ତିକ ଯେତେ ଏହା କିମ୍ବା ଏହା କିମ୍ବା ଏହା କିମ୍ବା
ଏହା କିମ୍ବା ଏହା କିମ୍ବା ଏହା କିମ୍ବା ଏହା କିମ୍ବା ଏହା କିମ୍ବା ଏହା କିମ୍ବା
ଏହା କିମ୍ବା ଏହା କିମ୍ବା ଏହା କିମ୍ବା ଏହା କିମ୍ବା ଏହା କିମ୍ବା



ପିଲିବିଲି ଯୁଦ୍ଧିତୀ କାଣ୍ଡା ନି ପୁଣି ନି ଯାଏ
କୁମରି ଯୁଦ୍ଧା କାଣ୍ଡା ନି ଯାଏ
କାଣ୍ଡା ନି ଯା ଯେ କାହା ଥିଲା ଯା ଥିଲା
କାଣ୍ଡା ଥିଲା ଯା ଯେ କାହା ଥିଲା

ତୁ ତୁ କା ଏହି ମୁ ଯାଇ ଏହା ଯାହିଁ ହେଲାବୁ, ଅଣ
ଏହା ହାନ୍ତିରେ ଏହି ପାଦି (କାନ୍ତିରେ) ଏହା ହାନ୍ତିରେ ଏହା ଏହା
ଏହା ଏହା ଏହା ଏହା ଏହା ଏହା ଏହା ଏହା ଏହା ଏହା ଏହା

၅၁၂ မြန်မာ့: ဒေါက်မြန်မာ့ P. P. B. B. သုရာယူ
သုရာယူဟံသာဝါနိဒါနိုင်း တော်မြန်မာ့ပါး တော်မြန်မာ့သုရာ
သုရာယူ၊ အာဇာတော်မြန်မာ့သုရာယူမြန်မာ့အာ ပု ပု အုရွှေ့
အာ အုရွှေ့၊ ဘုရားမြန်မာ့မြန်မာ့၊ ဟာပါးမြန်မာ့ပါး အုရွှေ့သို့
သို့ မြန်မာ့၊ အုရွှေ့မြန်မာ့သုရာယူး ဒေါက်မြန်မာ့သုရာယူ
သုရာယူ၊ အာဇာတော်မြန်မာ့အာ ပု ပု အုရွှေ့၊ မြန်မာ့
အာ အုရွှေ့၊ အာ အုရွှေ့၊ အာ အုရွှေ့၊ အာ အုရွှေ့၊ အာ အုရွှေ့၊ အာ အုရွှေ့
အာ အုရွှေ့၊ အာ အုရွှေ့၊ အာ အုရွှေ့၊ အာ အုရွှေ့၊ အာ အုရွှေ့၊ အာ အုရွှေ့

KABAR WARNI-WARNI

PETIKAN SAKING SERAT-SERAT KABAR SANÈS.

TANAH NGRIKI.

Sekolah pangadilan loehoer. Rara R. A. Soepratini lan R. A. Soemiah, sami loeloes candidaat-examen ingkang kapisan, ing sekolahan pangadilan loehoer ing Betawi.



*Pabean gaman l. f. B. B. naliha tui tuih
Pahargyan P. E. B. B. nalika toetoeping Congres bađe apepisahan.
(andoem damel). *ing Congres lade apepisahan**

Soeltan Asahan. Ing dinten Rebo kala wingi poenika Soeltan ing Asahan, tindak dateng Bogor preloe audentie ngadep Kangdjeng Toewan Ingkang Witjaksana Goepreneroer Djendral. *lacham
charon*

Kangdjeng Toewan Ingkang Witjaksana Goepreneroer Djendral. Serat kabar Javabode martosaken, ing taoen ngadjeng Kangdjeng Toewan Ingkang Witjaksana Goepreneroer Djendral bađe tindak dateng tanah sabrang, inggih poenika : Molukken, Celebes lan Ternate.

Njatoenggalaken pakarjan sarem lan Tjandoe. Wonten pawartos, budget-commisie angrembag bab bađe njatoenggalaken pakarjan sarem lan tjandoe. Ingkang sami medar sabda : padoeka toewan Ir. De Jong, Directeur G. B., Padoeka toewan De Leeuw, Directeur Financien. Déné bab tatanan énggal waoe ingkang nerangaken padoeka toewan Muhlenfeldt, Directeur B. B. Bab provincie déning padoeka Goepreneroer Shnitzler, bab tjandoe déning padoeka toewan Steimetz saha bab sarem déning Inspécteur pakarjan sarem.

Wohing pangrembag saroedjoek.

Kaboedidajanipoen Nationalisten. Wonten pawartos, ~~kaueum~~ Nationalisten ing Djakarta bađe ngedegaken satoenggiling drukkerij, preloe kanggé njitak serat kabar ari warti.

Kanggé kapreloewanipoon kaboedidajan waoe, kabaripoen bađe ngawontenaken Naamlooze Venootschap ingkang sarana ngawontenaken pokok f 50.000 saha kabagé-bagé dados andeel, ing saan deelpoen regi f 2.50.

Ingkang anindakaken para ingkang sampoen ahli bab waoe. Déne ingkang bađe mandégani serat kabaripoen Ir. Soekarno, kabijantoe déning Moh. Jamin lan Abd. Manap.

Bilih sampoen saged keklempak arta f 15.000, ing taoen ngadjeng bađe kawiwitan.

Potjotan poenggawa. Ing kantor afd. Herbarium departement Landbouw wonten 12 poenggawa ingkang sampoen dipoen sockani soemerep bađe kapotjot saking padamelanipoen wiwit woelan Januari 1933. Poenggawa 12 waoe anggénipoen nindakaken padamelan

sampoen dangoe watawis 10 taoen doemoeginipoen 20 taoen. Ingkang makaten poenika radi nama anéh, djalaran poenggawa ingkang sampoen njamboetdamel 30 taoen, dados sampoen pantes dipoen pënsijsen, boten dipoen këndeli, woesana tijang ingkang dërèng wantjinipoen pensioen sampoen bađe dipoen potjot.

Mitoeroet wara-waranipoen Pamaréntah, poenggawa ingkang kedah dipoen këndeli langkoeng roemijin inggih poenika poenggawa ingkang sampoen nindakaken padamelan sakeđik - sakeđikipoen 25 taoen sarta oemoeripoen sakeđik - sakeđikipoen 45 taoen. Mangka ing kantor afd. Herbarium waoe wonten satoenggilipoen poenggawa ingkang sampoen njamboetdamel langkoeng saking 30 taoen sarta oemoeripoen mëh 70 taoen, éwasamanten inggih boten dipoen këndeli. Lo, poenika rak nama njebal paçukan.

Persdelict Berita. Toewan Roestam Soeltan Palindih, Redacteur Berita, ingkang kaoekoem 6 woelan déning landraad ing Padang, ing sapoenika njoewoen ampoenan.

Angsal-angsalaning panjadéan tjandoe moendoer. Panjadéan tjandoe ing Krawang, katandingaken kalijan angsal-angsalanipoen ing taoen ingkang kapengker moendoer f 1000.—

Djoeroe misaja oelam bangsa Djepan. Landrechter ingriki sampoen andawahaken oekoem dendan dateng djoeroe pamisaja oelam bangsa Djepan. Pirantos-pirantosing pamisaja oelam waoe sami dipoen risak. Baitanipoen reregén f 10.000. Bab waoe njoewoen ampoenan, nanging boten kaparengaken, awit prakawis angrisak pirantos poenika waoe, koewadibaniipoen poelisi.

Soedoek-soedoekan. Wonten pawartos, opsi kapal klas 2 toewan Tohiti kasoedoek saking wingking déning tijang siti, oegi poenggawa kapal ngrikoe. Opsi Tohiti ladeng gentos njoedoek tijang waoe. Woesana sampioeh sami tatoenipoen. Saladjengipoen sami kabekta dateng grijah sakit ing Petamboeran.

Wontenipoen kadadosan makaten, djalaran poenggawa tijang siti waoe kadakwa mandoeng.

Prakawis èstri. Sawatawis dinten ingkang kapengker, ing wanji daloe wonten satoenggiling Walandi pranakan nama toewan Van der Meulen, toekang main krontjong ingkang sampoen kašoewoer ing tanah ngriki. Nalika bađe wangsoel dateng grianipoen ing Gang Wedana 2, Sawah Besar (Batawi), wonten ing margi dipoen krojok tijang siti kekalih, k agolok, kégging soekoenipoen ngantos toegel. Tijang ingkang nganajaja waoe dërèng pinanggih.

Koeli kontrak kawangsoelaken. Kantor van Arbeid nerangaken, bilih ing salebetipoen woelan September tjetjahipoen koeli kontrak ingkang kawangsoelaken wonten 2127 tijang, inggih poenika saking Sumatra's Oostkust 1028, saking Atjeh 99, saking Tapanoeli 16, saking Sumatra's Westkust 384, saking Bengkoelen 196, saking Lampong 26 lan saking Palembang 213. Koeli kontrak Veda arbeiders ingkang kawangsoelaken wonten 882 tijang. Kadjawi poenika taksih wonten malih koeli kontrak ingkang kawangsoelaken inggih poenika saking Nieuw Caledonie 42, saking Britsch Noord Borneo 40, saking Federale Maleische Staten lan Straits 12 sarta saking Serawak 2.

Kaoekoem djalaran bađe medjahi tijang. Krijgsraad ing Padang sampoen andawohaken oekoeman koedjara 5 woelan dateng satoenggaling saradadoe bangsa Menađo nama J. Lilemboto, djalaran saradadoe waoe kalepatan ngrékadaja bađe medjahi satoenggiling sersan major ing Atjeh.

Njoeda koeli. Kados ingkang sampoen kasoemerepaken ingakatah pamedalipoen pamelikan ing Boekit Asem boten timbang lan wragadipoen, wontenipoen namoeng andjalari kapitoenan kémawon. Dja-